**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**

**ОТДЕЛ ОБРАЗОВАНИЯ КУРЧАЛОЕВСКОГО РАЙОНА**

**МБОУ «Ахмат – Юртовская СШ № 1 им. А – Х. Кадырова»**

**Выписка из ООП НОО**

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**курса внеурочной деятельности**

**«Искусство текста (Текстан исбаьхьалла)»**
**(на чеченском языке)**

**для обучающихся 1-4 классов**

**с. Ахмат – Юрт**

ПАЧХЬАЛКХАН КАЗЕННИ ХЬУКМАТ

НОХЧИЙН МЕТТАН ИНСТИТУТ

# УРОКЕЛ АРАХЬАРЧУ ГІУЛЛАКХАЛЛИН БЕЛХАН ПРОГРАММА

# «ТЕКСТАН ИСБАЬХЬАЛЛА»

(ЙУЬХЬАНЦАРА ЙУКЪАРА ДЕШАР)

ХІоттийнарш:
Исраилова Л.А.-Г. – Нохчийн меттан а, литературин а хьехархойн говзалла лакхайаккхаран центран куьйгалхо,
Чадаева Л.Д.– Нохчийн меттан а, литературин а хьехархойн говзалла лакхайаккхаран центран Іилманан лакхара белхахо.

Соьлжа-ГІала

2025

ЧУЛАЦАМ

Кхеторан кехат……………………………………………………………..3

Урокел арахьарчу гІуллакхаллин «Текстан исбаьхьалла» курсан чулацам…………………………………………………………………....3

1 класс……………………………………………………………………..8

2 класс…………………………………………………………………….I0

3 класс…………………………………………………………………….I3

4 класс…………………………………………………………………….I6

УРОКЕЛ АРАХЬАРЧУ ГІУЛЛАКХАЛЛИН «ТЕКСТАН ИСБАЬХЬАЛЛА» КУРС ДІАЛАЦАРЕХЬ ХИЛА ЛЕРИНА ЖАМІАШ

……………………………………………………………..................I8

Личностни жамІаш ………………………………………………....I8

Метапредметни жамІаш …………………………………………...I9

Предметни жамІаш………………………………………………….2I

Тематически планировани ………………………………………22

1 класс……………………………………………………………………..22

2 класс……………………………………………………………………..29

3 класс……………………………………………………………………...35

4 класс……………………………………………………………………...42

**Урокел арахьарчу гIуллакхаллин программа «Текстан исбаьхьалла»**

Урокел арахьарчу гIуллакхаллин программа «Текстан исбаьхьалла» (кхидIа – Программа) лерина йу йуьхьанцарчу школин 1-4 классийн дешархошна. И урокел арахьарчу хенахь дIахьош а, дешаран коьрта процесс тIейузуш а йу.

Программин чулацам буьззина богIуш бу Федеральни пачхьалкхан дешаран йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандартаца (ЙЙД ФПДС, 202I) а, йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни дешаран программица (ЙЙД ФДП) а. И бахьана долуш, курсан чулацам актуальни а, системни а, кхузаманан дешаран Iалашонашна а, декхаршна а жоп луш а бу.

Курсан коьрта Iалашо – кегийчу дешархошна кхета а кхеташ йешарца хуьлуш йолу халонаш дIайаха гIо дар а, кхузаманан дешархойн коьрта компетенци санна, церан йешаран говзалла кхиор а. Къаьсттана тидам йешаран техникина (нийса йешар, чехкалла, къастош йешар) тIебахийтина ца Iаш, бер йешначух кхета а, текстехь коьрта ойла билгалйан а, бахьанин-тIаьхьалонан зIенаш билгалйаха а, текстерчу хаамех дешарехь а, хIорадийнан дахарехь а пайдаэца Iаморна а тIебахийтина.

Программехула болх 1-чу классера 4-чу классе кхаччалц дIахьо, цо дешархошна гIо до:

- довзаран а, кхиаран а гIирс санна йешар дезадала;
- йешаран техника тойан а, йоьшучу киншкийн гуо шорбан а;
- йешначу текстан маьIнин анализ йан;
- йешаран говзаллех дешаран а, дахаран а декхарш листарехь пайдаэца;
- дешан ларам бан а, гIиллакхе бистхила а.

Курс комплексно хIоттийна йу. Пайдаэцна занятийн тайп-тайпанчу кепех а, некъех а – ламасталлин хезаш йешаран а, тексташ къасторна а тIера, ловзаран, кхоллараллин, талламан а тIедахкаршна тIекхаччалц.

Программин чулацам хIоттийна дешаран стандарташ тидаме эцна ца Iаш, иштта йешаран декъехь а, мотт Iаморехь а йолу пачхьалкхан стратегеш тидаме а оьцуш. Программи йукъайехкина кхузара идеяш:

- **РФ берийн а, кхиазхойн а йешарна гIо даран программин концепци** (тIечI. РФ-н Правительствон 03.06.2017 № II55-р омранца), цу тIехь билгалйина, йешаран культура кхиоран а, литературе берийн синкIам кхолларан а коьрта агIонаш;

- **РФ-хь ненан мотт а, литература а хьехаран концепци** (тІечІ. 01.10.20І9), цо билгалдоккху къоман шатайпаналла, культурин кхетам а, ийманехь кхетош-кхиоран а гІирс санна, ненан мотт мехала йолуш хилар;
- **Нохчийн мотт а, литература а хьехаран концепци** (тІеэцна ПКХь «Нохчийн меттан институт» Іилманан кхеташонехь 12.05.2022, протокол № 3), цо коьрта тидам тІебохуьйту ненан мотт а, нохчийн къоман литературни тІаьхьало а Іалашйарна а, кхиорна а, гІарайаккхарна а.

Йеша хаар – функциональни говзаллин бух болу дела, программа хІоттош, тхо уггаре а хьалха тІетевжина ЙЙД ФПДС (2021) лехамашна. Цу стандарто билгалдо дешаран процесс, дешархошна шайн хаарех урокашкахь пайдаэцна ца Іаш, хІорадийнан дахарехь а пайдаэца хуур долчу кепара дІахІоттийна хила йезаш хилар.

**«Текстан исбаьхьалла» программа** уггаре а хьалха тІехьажийна йу кегийчу дешархойн йешаран говзалла а кхиорна, хІунда аьлча, билггал уьш функциональни говзаллина бухехь йолу дела. Курсо йешаран техника шарйар йукъалаьцна ца Іаш (берашна нийса, шера, къастош йеша Іамийта), йешначух кхетаран, коьртаниг схьакъастон хааран, факташ вовшашца йуста хааран, жамІаш даран, текстера хаарш билггал долу дешаран а, дахаран а декхарш луьстуш пайдааэца хааран говзалла шарйар а йукъалоцу.

Программехь боккха тидам тІебохуьйту **универсальни дешаран гІуллакхашна**: довзаран (текстаца болх бан, хаамаш хийца, бахьанин-тІаьхьалонан зІенаш лаха хаар), коммуникативни йешначух лаьцна диалог дІайахьа, шена хетачунна бух бало хаар), регулятивни (Іалашонаш хІиттор, тергам бар а, жамІийн мах хадор а). Цу хаарша йешар ша Іалашо а ца хуьлуьйтуш, **Іаморан, ойлайар а, личность а кхиоран гІирс хуьлуьйту**.

Программо кегийчу дешархойн йешаре синкІам кхиийна ца Іаш, амма кхечу предметашкахула а кхиаме деша таро луш йолу амалш кхиайо, жигаралла гайта а, кхидІа йешарна а кийча хила а некъ босту. Къаьсттана гуш хуьлу **хаамаш тІелаца, листа, критически маьІна дан** хааран говзалла кхиар – иза кхузаманан дешаран уггаре а мехалчех говзалла йу.

Къаьсттана акцент йина **хаамашца болх баран коьрта говзалла кхолларна,** хІунда аьлча, и говзалла ца хилча, дешаран материал кхачам боллуш тІеоьцийла а, функциональни грамотность кхуьийла а дац. Цу хааршна йукъахь йу:

- **Хаамаш лахаран говзалла.** Дешархой Іема текстехь, таблицехь, схемехь йа кхечу хьостанехь оьшу хаамаш лаха.
- **Хаамаш бакъхиларан мах хадор.** Программин гурашкахь дешархой Іема йешначуьнга критически хьежам хила: тайп-тайпана хьостанаш

вовшашца дуста, хьехархочо йукъабоххкучу хаамаш талларан некъех пайдаэца, тӀетоьхна хаттарш дала. Жим-жимма бераш дуьйлало шаьш схьаоьцучу хаамийн дикаллин а, бакъхиларан а шаьш мах хадо.

- **Анализ а, контент кхоллар а.** Боккха тидам тӀебохуьйту берашна текстащца а, мультимедийни материалащца болх бан а Ӏаморна. Дешархоша текстан структура а, чулацам а толлу: коьрта а, коьртаза а дерг къасто Ӏема, материал цхьаьнатоха а, керлачу кепехь и схьайийца а Ӏема.
- **Хаамийн визуализаци.** Программин коьртачех цхьа агӀо – бераш материал схьагайта Ӏамор. Дешархой Ӏема таблицаш, диаграммаш, схемаш шаьш хӀитто. Цо гӀо до материалан дакъошна йуккъерчу зӀенех дика кхета, материална систематизаци йан а, Ӏамийнарг атта дагахь латто а.

**И йерриге а говзаллаш кхиоро** таро ло дешархочун йуьхьанцарчу школехь хилла ца Ӏаш, дешаран тӀебогӀучу муьрашкахь а кхиам хилийта. Дешархочунна Ӏема хаамашца нийса болх бан, цуьнан критически маьӀна дан а, тайп-тайпанчу хьелашкахь – дешаран декхаршна тӀера дахаран хьелашна тӀекхаччалц – цунах пайдаэца а. Цу кеппара, программо гӀо до берашна шайна академически хаарш тодина ца Ӏаш, кхузамана йукъараллехь оьшу йолу универсальни корматаллаш кхолла а.

**Курсан коьрта Ӏалашонаш:**

- Йешарехь хало дӀайаккхар.
- Йешаран техника шарйар а, йешаран бухан (коьрта) говзалла кхоллар а.
- Догдаийтар лакхадаккха а, йешаре чӀагӀбелла синкӀам кхион а.
- Йешаран жигараллина а, довзаран синкӀомана а гӀо дан.
- Тайп-тайпанчу хьостанашкарчу хаамашца эвсараллица болх баран кепаш карайерзорна а.
- Текстаца болх бечу хенахь шайна тӀехь тидам баран а, шаьш шайн мах хадоран а корматаллаш кхиор.

**Программин концептуальни баххаш**

Программин гурашкахь тидаме эцна йеша Ӏаморан процессан йерриге а коьрта компоненташ:

- Текст бӀаьрсица тӀелацар (элпаш а, дешнаш а довза хаар);
- Йаздинарг хезаш схьаалар (элпаш а, аьзнаш а вовшахтасар);
- Йешначух кӀорггера кхетар (коьрта ойла къасто, шена зеделлачуьнца и йозар, текстан мехаллах кхета хаар);

- Дешаран а, дахаран а декхарш листархьама текстера хаамаш схьаэца хаар.

**Программа кечйечу хенахь къаьсттана тидам** тӀебохуьйтура хьалхарчу классийн дешархошца бечу балхана, хӀунда аьлча, йеша Ӏамар – дешаран уггаре а хала а, жоьпалле мур бу. Цу муьрехь коьрта декхар – йешаран йуьхьанцара говзалла кхиаме кхолларна хьелаш хилийтар ду.

1-чу классан хьалхарчу эхашарахь кхочушйеш йолчу Программин тодаран амал хилла ца Ӏаш, кхиоран амал а йу. Цуьнан гӀоленех цхьаъ – кегийчу дешархошна шайна хетарг доцца схьаала, аргументаш йало а, шаьш йешначуьнга йа ладоьгӀначуьнга болу хьежам бовзийта а Ӏамор. Цул кӀеззиг мехала доцу декхар – аудированин корматалла кхиор, аьлча а, текст лерсица тӀелаца хаар а, шен дешнашца схьайийца хаар а кхиор. Цо эс чӀагӀдо, дозуш долу къамел кхиадо, барта къамелан корматалла шарйо – кхидӀа долчу кхиамечу дешарна бух кхоллало цу корматаллех.

**Курсо чулоцу белхан масех агӀо,** царах хӀора агӀо а тӀехьажийна йу билггал долу хаарш кхиорна:

- **«Дешарна, дахарна а йешар».** Цо берашна гӀо до текстах дешаран а, практически а декхарш листарехь пайдаэца, хаамийн анализан а, маьӀна даккхаран а корматаллаш кхиайо, ткъа иштта гӀо до йешначух хӀорадийнан дахарехь пайдаэца.
- **«Шайн куьйга киншкаш йо: текст а, иллюстрацеш а».** ТӀехьажийна йу деталашна тӀе тидам бахийтар кхиорна: берашна Ӏема иллюстрацеш харжа а, йан а, текстан фрагменташ суьрташца цхьаьнайало а. Цул сов, модуло шайн кегий-киншкаш йарехула кхоллараллин жигаралла а меттахйоккху.
- **«Текстан анализ а, реконструкци а».** ГӀо до берашна текст леррана йеша, тӀе ца тоьуш болу хаамаш каро а, хиламийн а, говзаран маьӀнийн дакъойн а логически тӀаьхьахьалхалла меттахӀотто.
- **«Цхьаьнатоха, анализ йе, вовшахтоха».** Цу модуло берашна Ӏамадо текстан тайп-тайпанчу дакъошкара хаамаш гулбан а, уьш цхьана суьрте вовшахтаса а. Бераша говзаран коьрта ойла лоху, жамӀаш а, цхьаьнатохар а до, йешначух кӀорггера кхетархьама.
- **«Текст тойо».** Кхузахь бераша шайна тӀехь йусту редакторийн роль.

Текстехь тода дезаш долчун тидам бан Ӏема уьш: предложени стенгахь хийца йеза, стенгахь мелла а нийса дош лаха деза. Иштачу балхо текст мелла а кхеташ, маьӀне, къегана йо.

- **«Шаьш толлу».** Берашна Ӏамадо шайн жоьпийн анализ йан а, текстах шаьш нийса кхеттий хьовса а. Бераша шайна хетарг дусту масалан

кепаца, гӀалаташ лоху, уьш дӀадоху. Иштта жим-жимма шайн кхоллало шайна тӀехь тидам латтарон корматалла а, критически ойла йаран амал а.

- **1-ра класс:** «Тексте ладугӀу, йеша кечло» модуль йукъайалайо.

Цуьнан коьрта Ӏалашо – берийн текст лерсица тӀелаца хаар, озана а, элпана а йуккъера зӀе чӀагӀйан хаар кхиор, кхидӀа йолчу хенахь кхеташ а, нийса а йеша хаарна бух кхоллар. Занятешкахь бераша тексташка ладугӀу, уьш йийцаре йо, хаамашна анализ йарехь хьалхара гӀулчаш йоху.

**3–4 классаш:** «Текстерчу хаамийн критически мах хадо Ӏема» блок йукъайалайо, цо кхуллу критически ойла йаран корматалла а, бакъ хаамаш харц хаамех схьакъасто хаар а.

ТӀетоьхна программо чулоцу йешаран коьрта компетенцеш кхоллар комплексни кхиоран модульш:

**Занятеш дӀайахьаран кепаш**

Занятеш интерактивни кепехь дӀахьо: бераша тобанашкахь, шишша цхьаьна йа индивидуально болх бо. Иштта Ӏаморехь пайдаоьцу библиотекин а, мультимедийни классан а таронех (компьютерех).

**Дешаран планехь курсан меттиг**

«Тестан исбаьхьалла» курс йукъатоьхна урокел арахьарчу гӀуллакхаллин программина, дешархошна Ӏаморехь гӀо-накъосталлина лерина а йу. Занятеш кӀиранах цкъа дӀахьо. Курсан барам: 1-чу классана – 33 сахьт, 2-4 классашна – 34 сахьташ, йешаран говзалла а, текстаца болх баран корматалла кхиорехула практически занятийн дерриге а 135 сахьт.

## УРОКЕЛ АРАХЬАРЧУ ГӀУЛЛАКХАЛЛИН КУРСАН ЧУЛАЦАМ

### I-чу класс

***Модуль "Тексте ладугӀу, йеша кечло"***

- Чулацаман аудировани а, визуализаци а йар кхиор.
- Суьртийн тӀаьхьа-хьалхаллин гӀоьнца текстах кхетар.
- Йешнарг а, ладоьгӀнарг а йийцаре йар.
- Хаттаршна жоьпаш далар а, шаьш хаттарш хӀиттор а.
- Текстерчу диалогийн а, суьртийн а инсценировка йар.
- Визуальни материалашна а, коьртачу дешнашнашна а тӀе а тийжаш, текст йуха схьайийцар.
- ЛадоьгӀначу говзарийн буха тӀехь шайн дийцарш кхоллар.
- БӀаьран иэсана а, тидамна а лерина кхиран ловзарш.
- Байташ а, дешнаш а дешарна ловзарш.
- Иллюстрацешца а, цхьана дашах лаьттачу а йозанашца а киншкаш йар.

*Модуль "Шайн куьйга киншкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту"*

- **Киншкашна иллюстрацеш йар:** Іаьржа-кІайн суьрташна предложенийн маьІница басарш хьокху, чекхйахаза иллюстрацеш чекхйоху.
- **Киншкаш йар.** Бераш текст иллюстрацешца цхьаьнайало Іема: билггалчу кийсакашна суьрташ хоржу йа шаьш дохку.
- **Цхьаьна киншкаш йар.** Бераша хІуманийн суьрташца дешнаш цхьаьнатуху, суьрташна йаздан деза йозанаш дагалоьцу, киншкийн агІонаш нийсачу рогІехь дІахІиттайо.
- **Хиламийн хан а, меттиг а билгалйар.** Бераша текстан фрагменташ шаьш йинчу киншкин дакъошка дІанисйо – хиламаш маца а, стенгахь а хилла билгалдо.
- **Ловзар «Художник стенгахь гІалат ваьлла?».** Бераша суьрташна а, текстана а йукъахь цхьаьнацадар лоху.

*Модуль "Анализ а йеш, текст йухаметтахІоттайо"*

- **Коьрта предложенеш лахар а, фрагменташ схьакъастор а.** Бераша текстехь уггаре а коьрта предложенеш лоху, уьш маьІнийн дакъошка йоькъу.
- **ТІечІагІдаран масалш лахар.** Бераша текстехь шайн жамІаш тІечІагІдеш долу масалш лоху.
- **Бахьанийн-тІаьхьалонан зІенаш билгалйар.** Бераша къастадо, турпалхойн билггалчу леларша хІун хиламаш кхоьллира а, цу леларша уьш стенна тІебалийра а.
- **Турпалхойн леларийн а, характеристикийн а анализ.** Бераша турпалхойн лелар, церан синхаамаш, амалан хьаьркаш толлу.
- **Талалман корматаллаш кхиор.** Текстаца бечу балхо талламан ойла йар кхиадо: бераш Іема хаамаш тІаьхьахьалхаллица лаха, факташ йуста а, логиески жамІаш дан а.

*Модуль "Цхьаьнатуху, анализ йо, вовшахтуху"*

- **Текстан дакъошна йуккъера зІенаш билгалйахар.** Бераша предложенеш а, абзацаш а вовшашца йусту, тІаьхьайогІучара муьлха хиламаш кхуллу билгалдо.
- **Хиламийн тІаьхьахьалхалла билгалйар а, йовзийтар а.** Бераша хиламийн къепе йухаметтахІоттайо, уггаре а мехала меттигаш билгалйо, коьртачу дешнех пайда а оьцуш, уьш моггІара йовзуьйту.

- **Персонажийн леларийн бахьанийн а, мотивийн а анализ.** Бераш кхета хьовсу турпалхоша билггалчу кепехь хIунда нисбина хиламаш, уьш иштта леларан бахьанаш хIун хилла.
- **Хаамех хьелаш довзийтарна а, царах кхеторна а пайдаэцар.** Бераш текстерчу хаарех пайдаэца хьовсу, тайп-тайпанчу дешаран йа дахаран хьелийн анализ йархьама.
- **Комплексни ойла йаран кормталлаш кхиор.** Кху модулехь берашна Iема текстан тайп-тайпана дакъош цхьаьнатоха, коьрта ойла лаха а, шайн жамIаш дан а.

*Модуль " Текст тойо чулацамна а, хотIана тIехь болх"*

- **Фактически гIалаташ лахар а, нисдар а.** Бераш факташ талла Iема: хаамаш кхечу хьостанашца талла, нийсадоцург каро а, нисдан а.
- **Къамелан а, стилистически а цхьаьнацадараш нисдар.** Бераш дика цааьллачун тидам бан а, мелла а нийса дош лаха а, текст кхеташ а, нийса а хилийтархьама предложенеш хийца а Iема.

*Модуль "Шаьш толлу"*

- **Шайн жоьпаш масалшца дустар.** Бераша шайн жоьпаш дусту масалан кепашца, цхьаьнацадараш лоху, и иштта хIунда нисделла хьовсу.
- **Нийса доцург карор а, хаамаш билгалбар а.** Бераш Iема тестехь бIостаналлаш каро, факташ талла, хаамаш билгалбаха.
- **Тестан коьрта фрагменташ лахар.** Бераш текстехь билггал шайна оьшу хаамаш болу меттигаш лаха хьовсу.

*Модуль "Йеша хаар мехала хIунда ду: декхарш листа Iема"*

- **Текстах дика кхетархьама хьелаш кхоллар.** Бераш текст «денйан» хьовсу: кегий сценареш дагалоцу, дийцаран эпизодаш ловзайо, турпалхоша муьлха сацамаш тIеэца тарлора дийцаре до.

**2 класс**

*Модуль "Шайн куьйга кинишкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту"*

- **Текстана иллюстрацеш лахар.** Бераш йешначун маьIница догIу суьрташ лаха Iема. Цуьнца цхьаьна цара тидам тIебохуьйту коьртачу дешнашна а, маьIнин акценташна а.
- **Визуализацина текстийн масалш лахар.** Бераша текстехь иллюстарцеш йан мегар долу фрагменташ лоху – масала, факташ, персонажийн характеристикаш йа хIуманаш йовзийтар.

- **Турпалхойн куьцан а, характеристикийн а анализ.** Дешархоша исбаьхьаллин текстехь персонажийн васташ довзийтар лоху (ткъа Іилманан-гІарайаьллачу текстехь – хІуманийн йа хиламийн характеристикаш).
- **Иллюстрацеш йар а, кийча суьрташ схьахаржар а.** Берийн практикехь йиш хир йу шаьш суьрташ дахка йа кийча иллюстрацеш схьахаржа, текстана визуализаци йархьама.
- **Гайтаман гІирсашца болх баран корматалла кхоллар.** Бераш хаамийн а, хаза а материалаш йан Іема, текст иллюстрацешца цхьаьна а йалош.
- **Энциклопедеш кечйаран принципаш.** Берашна Іема энциклопедически статьяш муха кхуллу: текстан коьрта маьІна къастадо, хаама схьагайтархьама иллюстрацеш хоржу йа шаьш йохку, тІаккха цу жамІаца суьрташца кечйина жима энциклопеди хуьлу.
- **Дешнех пайдаэцарца исбаьхьаллин проекташ.** Бераша кхолларалллин интерпретаци йархьама муьлхха а цхьа дош хоржу, цуьнан маьІнин ойла йо, визуально схьагойту – суьртехула, хормехула, басехула йа йаздаран хотІехула.
- **Дешнех лаьцна киншкин агІонаш кечйар.** Бераша хинйолчу киншкина агІонаш йо, билгалдинчу дашна кхетор а луш, исбаьхьаллин куц а далош. ХІора дешархочо текст а, сурт а цу дешан васт а, ойла а нийса схьагойтур йолчу кепара цхьаьнатуху.
- **Визуальни элементашца эксперименташ.** Бераш текстан бос, кеп, шрифт, композици хийца хьовсу.
- **Шатайпа куц дар.** Бераш киншкин шатайпа агІо дагалоцу. Кхузахь мехала ду тексто а, суьрто а вовшашна новкъарло а ца йеш, идея тІе а йузуш, синхаам кІаргбар.

*Модуль "Анализ а йеш, текст йухаметтахІоттайо "*

- **Коьрта фрагменташ лахар а, билгалйар а.** Бераш Іема текстехь уггаре а мехала предложенеш лаха а, уьш схьайазйан а.
- **Бахьанийн-тІаьхьалонийн зІенаш билгалйар.** Бераша къастадо хиламаш билггал иштта хІунда бу а, турпалхойн муьлхачу леларшца стенна тІе валаво а.
- **ЖамІаш дар.** Йешначун буха тІехь бераш Іема шайна хетарг схьаала: жамІаш дан, турпалхоша хІара йа важа хІунда дина, хиламаш эххар а стенна тІекхаьчна.
- **Хаттаршна анализан элементашца жоьпаш.** Цу тІедахкаршкахь текст йуха схьайийцина ца Іаш, ойла йан а йеза: факташ йуста, кхетор каро, логикех пайдаэца.

- **Тестера кІайдаргаш йузар.** Бераша йухаметтахІиттадо текстехь йукъахдитина дешнаш йа маьІнехула а, контекстехула а долу аларш.

*Модуль "Вовшахтуху, анализ йо, цхьаьнатуху"*

- **Хиламийн тІаьхьа-хьалхалла билгалйар.** Бераша дийцаран хронологи йухаметтахІоттайо: йуьхьанца хІун хилла, цул тІаьхьа муьлха хиламаш богІу, цхьана хиламо вукхунна хІун тІеІаткъам бина хьовсу.
- **МаьІнин кІайдаргаш дІайузар.** Берашна тІедахкарш ло, текстера масех дош йа фраза дІайаьккхина. Оьшург йукъадиллархьама, цара леррана тидам бан беза дийцаран маьІнин а, логикин а.
- **Турпалхойн амалан коьрта агІонаш билгалйахар.** Бераш леррана хьовсу турпалхошка: текстехь церан бовзийтаран, леларийн, къамелан анализ йо. Цу буха тІехь жамІаш до турпалхойн амалийн, церан леларашна тІехьа хІун лаьтта а кхета.
- **Персонажаш вовшашца йустар.** Дешархоша цхьана говзаран турпалхой вовшашца бусту, царна йукъара тера хилар а, башхаллаш лохуш.
- **Йозанан а, барта а хаамаш хІиттор.** Текстан анализ йинчул тІаьхьа, бераш шайна хетарг ала хьовсу – барта йа йозанца.  Цара шайн жамІаш кечдо, шайна хетарг дуьйцу, шайн ойланаш аргументашца тІечІагІйан Іема.

*Модуль "**Текст тойо: чулацамна а, хотІана а тІехь болх бо**"*

- **Цхьалхе а, къегина а дерг.** Берашна хаьа дешан нийса маьІна хилла ца Іаш, тардина маьІна а хуьлуш хилар. Масалш тІехь уьш Іема нийса маьІна тардинчух къасто, авторо дагалаьцначух а, цуьнан хотІан башхаллех а мелла а кІорггера кхета.
- **"Хаза" дешнаш.** Дешархоша текстехь дустарш, эпитеташ, метафораш а лоху, текст тІелацарна цара тІеІаткъам муха бо а дуьйцу.
- **Турпалхой кхоллар а, бовзийтар а.** Бераша тидам тІебохуьйту авторо турпалхой церан леларшкахула а, синхаамашкахула а бовзийтарна. Тестехь «хьехамаш» карош, цара жамІаш до турпалхойн амалийн а, леларан бахьанийн а.
- **Фактически цхьаьнацадараш нисдар.** Нагахь текстехь гІалаташ йа цхьаьнацадарш делахь, бераш церан тидам бан а, нисдан а Іема.
- **Дешнийн галморзахаллаш нисйар.** Бераша нийца йоцу фразаш йа дешнийн нийса цхьаьнацадар лоху, текст мелла а кхеташ а, маьІне а хир йолчу кепара предложенеш нисйо.

*Модуль "Текстах кхетаран тIегIанан мах хадабо"*

- **Шечун неханчуьнца йукъаметтиг.** Кечдинчаьрца вешан жоьпаш дустуш, башхаллаш лоьхуш, уьш хIунда ду бохучух ойла йо.
- **Ойланаш йустар.** Хьовсу шаьш муха делла хаттаршна жоьпаш, кхечара муха делла. Ойланаш мичахь йекъайелла лоху, хIунда нисделла иштта. Жоьпаш нисдо: шайн жоьпашка а, масалан жоьпашка а хьовсу, нисдан йиш йерг карадо, иштта хIунда хета, тIечIагIдо. Йалийнчу вариантийн а, шайн а жоьпийн галморзахаллаш лоху.

*Модуль "Йешаро дешарехь а, хIорадийнан дахарехь а гIо до"*

- **Хетарг довзийтар а, дийцаре дар а.** Йешначух шайна хетарг довзуьйту дешархоша, шайн ойланаш хезаш йовзуьйту, вовшашка ладугIу.
- **Хьехар а, хаамаш а лахар.** Нагахь текстехь цхьаъ кхеташ дацахь, бераша жоьпаш кхечу хьостанашкахь лоху – киншкашкахь, суьрташкахь, схемашкахь, справочникашкахь.
- **Истореш кхоллар а, ловзор а.** Бераша шайн истореш дагалоцу, турпалхошна йеша хаар бахьана долуш, халонаш эшош йолу, тIаккха классехь и сюжеташ ловзайо.
- **Критически ойла йар а, шаьш гIуллакх дар а кхиор.** Дийцаре дар, хаамаш лахар а, кхолларallин тIедахкарш кхочушдар а дIадоьдуш, берашна Iема текстан анализ йан а, коьртаниг билгалдаккха а, шайн жамIаш дан а.

**3 класс**

*Модуль "Шайн куьйга киншкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту"*

- **Кхетор оьшуш долу дешнаш а, аларш а билгалдар.** Йоьшучу хенахь бераша билгалдоху шаьш ца кхеташ долу дешнаш а, аларш а.
- **Дош тидаран дошамашца а, справочникашца а болх.** Керлачу дешнийн маьIна хаархьама, дешархой дошамашка а, справочникашка а хьовсу. Шайна оьшу хьоста харжа Iема уьш, цу тIехь оьшу хаамаш а лохуш, текстах кхин а кIоргге кхетархьама пайда а оьцуш.
- **Кхетораш дIайаздар а, масалш а.** Бераша керлачу дешан маьIна дIайаздо текста улле йа дошам тIе. Дош дика дагахь латторхьама, цара шайн масалш даладо предложенеш а хIиттош.
- **Хаамийн визуализаци.** Къаьсттана тидам тIебохуьйту довзийтаран фрагменташна – Iалам, гонахара хьал, турпалхойн васташ дийцарна. Иштта фрагмент йешча, дешархоша цунна иллюстрацеш йохку йа догIуш долу суьрташ хоржу.

- **Текст а, визуальни васт а дустар.** Бераша леррана доьшу турпалхочун васт довзийтар, цу довзийтарна догІу сурт лаха йа шаьш дилла хьовсу.
- **Киншки тІехь интерактивни элементаш кхоллар.** Белхан процессехь бераша шаьш хІиттадо тексташна хаттарш, говзаречу цитаташна тІе а тийжаш, царна жоьпаш лоху.
- **Кхиош долу ловзаран кепехь тІедахкарш.** Программи йукъадогІу ловзаран некъаш а. Масала, «ХІаъ/ХІан-хІа» ловзарехь бераша толлу текстехь билггал болу хаамаш хилар.

*Модуль "Анализ а йеш, текст йухаметтахІоттайо"*

- **Фактатшна йуккъера зІенаш йухаметтахІиттор.** Бераш Іема текста чуьра тайп-тайпана факташ вовшашца муха йоьзна йу тидам бан.
- **Масех фрагментан буха тІехь жамІаш дар.** Бераша текстан шиъ йа масех кийсак вовшашца йусту, йукъара цхьа жамІ дан хьовсу.
- **Критически ойлайар кхиор.** Текстан анализ йеш, бераша лоху шайн хетарг тІечІагІдеш йа йухатухуш долу масалш, коьртачу дакъошна тІе тидам бохуьйту, хаамаш бакъхилар толлу.
- **ТІе ца тоьу хаамаш йухаметтахІиттор.** Нагахь текстехь цхьаъ тІе ца тоахь йа цхьаъ тІеалаза дисинехь, бераш и кІайдаргаш дІайаха хьовсу, дийцаран контекстна, коьртачу дешнашна, йукъарчу логики тІе а тийжаш.

*Модуль "Цхьаьнатуху, анализ йо, вовшахтуху"*

- **Хиламийн тІаьхьа-хьалхалла билгалйар а, текстан структурировани а.** Бераш уггаре а мехала хиламаш билгалбан, текст маьІнин дакъошка йекъа, дийцаран некъ хІора гІулчехь гайтина план хІотто Іема.
- **Барта а, йозанан а хаамаш кхоллар.** Исбаьхьаллин а, довзаран а текстийн буха тІехь бераша доцца дийцарш, барта хаамаш, заметкаш, кхидолу аларш кечдо.
- **Бахьанийн-тІаьхьалонийн зІенаш билгалйар.** Бераш Іема тайп-тайпана хиламаш а, факташ а вовшашца муха зІе йолуш ду ган. Цкъацкъа авторо нийсса схьа ца дуьйцу бахьанаш, тІаккха дешархоша шаьш лоху уьш, эпизодаш а, дакъош а вовшашца дустуш.
- **Персонажийн леларийн, ойланийн, синхаамийн анализ.** Бераша тидам бо турпалхойн леларийн, церан гІуллакхийн, сагатдарийн.
- **Хьелаш дустаран критереш кхоллар.** Дешархоша шаьш тІеоьцу тестера тайп-тайпана хьелаш муьлхачу билгалонашца дуста мегар ду аьлла сацам.

*Модуль "Текст тойо: чулацамна а, хотІана а тІехь болх"*

- **Исбаьхьаллин гӀирсаш билгалбар а, церан анализ а.** Бераша текстехь дустарш, эпитеташ, метафораш, олицетворенеш лоху, цу кепаша васташ а, синхаамаш а кхолларехь хӀун меттиг дӀалоцу билгалдо.
- **Ойланаш йовзийтарехь гӀалаташ карор а, нисдар а.** Береш текстера цхьаьнацадараш – маьӀнин, логически, фактически – лаха Ӏема.
- **Редактировани йаран а, шаьш талларан а корматаллаш кхиор.** Цу занятешкахь берашна гӀалатийн тидам бан Ӏемина ца Ӏаш, текст тойан а Ӏема. Кийсакашна редакци йан хьовсу уьш: нисдарийн шайн кепаш йукъайохку, баккъал а цу хийцамаша текст кхетош а, къегина а йина йа ца йина дийцаре до.

*Модуль "Хаамийн критически махходор а, текстах кхетар а"*

- **Хетарг а, хьежамаш а бустар.** Дешархоша билгалдоху текстехь хӀиттийна тайп-тайпана хетарш а, хьежамаш а. Церан анализ йо, аргументаш вовшашца йусту, шайн жамӀаш до.
- **Тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш вовшашца бустар.** Береш тайп-тайпана тексташ вовшашца йуста Ӏема: царна чохь терадараш а, башхаллаш а лоху, тайп-тайпанчу хьостанашкахь (литературни говзаршкахь, Ӏилманан-гӀарайевллачу статьяшкахь, дешаран пособешкахь) гайтина факташ, хиламаш, довзийтарш дусту.
- **Хаамаш бакъ хилар таллар.** Береш, массо а хӀума цхьабосса тешаш тӀе а ца оьцуш, и мел бакъ ду талла Ӏема. Цу Ӏалашонца уьш хьовсу дошамашка, энциклопедешка, Ӏаматашка а, кхийолчу справочни материалашка а.
- **Справочни литературех пайдаэцар.** Бераша тӀетоьхначу хьостанашца болх караберзабо: цигахь оьшу хаамаш лоху, коьрта долчунна тӀе тидам бохуьйту, хаамаш текстаца толлу.

***Модуль "Текстах кхетаран тӀегӀанан мах хадабо"***

- **Текстах кхетаран мах хадор.** Дешархой текстехула долчу хаттаршна шайн жоьпийн мах хадо Ӏема, нийсачу жоьпашца уьш дусту, галморзахаллаш стенгахь йу хьовсу.
- **Цхьаьнацадарийн бахьанийн анализ.** Бераша толлу шайн жоьпаш масалан кепех къаьсташ хиларан бахьана: хаттарх нийса цакхетар, хаарш ца тоьъна йа ойла йарехь гӀалат дина.

***Модуль "Йеша хааро дешарехь а, хӀорадийнан дахарехь а гӀо до"***

- **Проблема лахар.** Йешаран говзалло дешархойн кхиамца проблемаш йерзо аьтто луш йолу сценареш хIиттор.
- **Текст йиийцаре йар.** Йешаран процессе шовкъ кхоллар. ХIоттийначу шаблонца йешначу исбаьхьаллин произведенина барта а, йозанан а йоца рецензеш кечйар.

**4 класс**

*Модуль "Шайн куьйга киншкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту"*

- **"Керлачу дешнийн дошам" йар.** Бераша шайн жима дошам йолайо, йоьшучу хенахь шайна нисделла цадевза дешнаш а, аларш а тIе дIа а йаздеш. Йуьхьанца цу дешнех маьIница кхета хьовсу уьш, тIаккха шаьш дош тидаран дошамца толлу, кхетор шайн дешнашца дIайаздо.
- **Керлачу дешнех пайдаэцаран масалш.** Керла дешнаш тIечIагIдархьама, дешархоша цаьрца предложенеш кхуллу.
- **Проект «Тамашийна хиламаш бастар».** Проектан гурашкахь бераша тидам бо текстехь буьйцучу тамашийначу хиламийн, царах кхетор каро хьовсу.

**Тестан буха тIехь табилцаш кхоллар.** Бераш хаам схьа а къастош, цунна структуризаци йан Iема, и таблицийн кепехь гойтуш (дешархойн хенан башхаллаш тидаме а оьцуш).

- **Iилманан-гIарайевллачу тексташца болх.** Бераш текстехь коьртаниг билгалдан Iема: коьрта хаамаш лоху, уьш таблицаш чу а, схемаш чу а йазбо, доцца жамIаш до, тайп-тайпанчу дакъошкара хаамаш вовшашца бусту.

*Модуль "Анализ а йеш, текст йухаметтахIоттайо"*

- **Текстан хаамех аргументацехь пайдаэцар.** Бераша текстехь лоху шайн ойланаш тIечIагIйеш йолу факташ а, цитаташ а.
- **Фakташна а, хиламашна а йуккъера зIенаш билгалйахар.** Бераша киншки тIехь буьйцучу хиламийн, персонажийн, фактийн анализ йо, уьш вовшашца муха доьзна ду хьовсу.

*Модуль "Цхьаьнатуху, анализ йо, вовшахтуху"*

- **Бахьанийн-тIаьхьалонийн зIенех а, хиламийн тIаьхьа-хьалхаллех а кхетар.** Дешархоша исбаьхьаллин тексташкарчу хиламийн тIаьхьа-хьалхалла толлу, турпалхойн муьлхачу гIуллакхаша йа сацамаша балийна уьш билггалчу тIаьхьалоне билгалдо, хуьлучун бахьанех шайн жамIаш до.

- **Хаамийн анализ а, цхьаьнатохар а.** Бераш Іема текстан тайп-тайпанчу дакъошкара хаамаш цхьаьнатоха, коьрта идеяш а, факташ а билгалйаха, материалан анализан буха тІехь шайн жамІаш дан а.
- **Барта а, йозанан а аларш кхоллар.** Дешархоша, фактически хаамашна йа шайн тидамашна тІе а тийжаш, барта а, йозанан а хаамаш кечбо ладоьгІначу йа йешначу текстехула (7 предложене кхаччалц барам болуш).

*Модуль "Текст тойо: чулацамна а, хотІана а тІехь болх"*

- **Исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсаш лахар а, церан анализ а.** Бераш Іема текстехь дустарш, эпитеташ, метафораш, олицетворенеш, гиперболаш а, кхийолу кепаш а лаха.
- **СуртхІотторан гІирсех кхетар.** Бераш кхето хьовсу, авторо билггал и кеп хІунда хаьржина а, йешархочунна цо муха тІеІаткъам бо а.
- **Текстехь гІалаташ карор а, нисдар а.** Занятешкахь бераша текстан анализ йо, нийса доцурш лаха Іема: маьІнин, логически, стилистически.

*Модуль "Текстехь хаамийн критически маххадор"*

- **Тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш вовшаца бустар.** Бераша тайп-тайпанчу теxсташкара хаамаш вовшашца бусту, терадараш, цхьаьнацадараш, бІостаналлаш лоху.
- **Цхьаьнацадараш билгалдар.** Дешархой текстехь бІостане тІечІагІдарш лаха а, царах бакъ муьлхарш ду а, шеконе муьлхарш а ду листа а Іема.
- **Бакъхиларан мах хадоран критереш кхоллар.** Бераша карайерзайо факташ талларан цхьалхе кепаш: дошамашка, справочникашка, энциклопедешка хьовсу, ткъа иштта пайдаоьцу шайна зеделлачух а, тидам хиллачух а.
- **Критически ойлайар кхиор.** Иштачу балхо хаамийн анализ йан а, вовшашца буста а, бух болу жамІаш дан, шайн хьежам кхоллабалла а Іамаво.

*Модуль "Текстах кхетаран тІегІанан маххадабо"*

- **Шайн жоьпаш нийсачу жоьпашца дустар.** Занятешкахь бераша шайн жоьпаш дусту нийсачу жоьпашца.
- **Маххадоран критереш лелор.** Шайн белхан дикаллин маххадош, дешархоша пайдаоьцу хьалхxе йийцаре йинчу критерех.
- **Цхьаьнацадарийн бахьанийн анализ.** Бераша толлу шайн жоьпаш масалан кепашца цхьаьна хІунда ца догІу. Бахьана уьш хаттарш нийса

цакхетар хила а йа царна цхьаъ ца хууш а, йа ойла йарехь гІалатбовлар а хила тарло.

*Модуль "Йеша хааро гІо до дешарехь а, хІорадийнан дахарехь а"*

- **Йешаре синкІам кхоллар а, догдаийтар а.** Бераша йешар схьадоьллу хаарийн а, идейн а хьоста санна.
- **ТІе ца тоьу хаамаш билгалбахар.** Болх дІахьош, дешархой тидам бан Іема, хаттарна жоп далархьама хІун тІе ца тоьу. Иштачу хьелашкахь уьш киншкашка, справочникашка, иллюстрацешка йа кхечу хьостанашка хьовсу.
- **Йешаран практически мехалла гайтар.** Баккъал а йа кхоьллинчу хьелийн масалш тІехь берашна го йеша хааро турпалхошна халонаш эшо а, сацамаш тІеэца а, тайп-тайпанчу дешаран а, дахаран а халонех хьалхадовла гІо деш а хилар.
- **Къамелан этикет а ларйеш, йешнарг йиийцаре йар.** Тобанехь йа шишша цхьаьна дийцаре дарехь берашна Іема шайга къамел дечуьнга леррана ладогІа, шайна хетарг нийса схьаала а, шайн хьежамна аргументаш йало а.
- **Йешначу киншкех шуьйра дийцар кечдар.** Бераша барта йа йозанан дийцарш кечдо шайна хазйеллачу йешначу киншкех. Цара шайна хетарг довзуьйту, билггал хІун дара шайна цу говзарехь хазделларг олу, аналитически а, кхолларааллин а корматаллаш кхиош.
- **Дукхайеза говзарш цхьаьна йиийцаре йар.** Коллективни дийцаре дар дІахьо, дешархоша шайна хетарг цхьаьнаклассахошна хетачуьнца дустуш.

## УРОКЕЛ АРАХЬАРЧУ ГІУЛЛАКХАЛЛИН «ТЕСТАН ИСБАЬХЬАЛЛА» КУРС ДІАЛАЦАРЕХЬ ХИЛА ЛЕРИНА ЖАМІАШ

---

### ЛИЧНОСТНИ ЖАМІАШ

*Гражданско-патриотически кхетош-кхиор:*

шен мехкан а, Даймехкан а дІадаханчун, карарчун, хиндолчун дакъа санна ша хихиларх кхетар;

Даймехкан истори а, культура а Іаморе синкІам ненан мотт Іаморехула кхоллар.

*Иийманехь кхетош-кхиор:*

адамийн йукъаметтигийн зеделларг довзар, къинхетам, безам, догдикалла гайтар карадерзо;

этически кхетамех кхетар, исбаьхьаллин говзарийн турпалхойн амалийн а, леларийн а мах хадо.

*Эстетически кхетош-кхиор:*

исбаьхьаллин культуре, искусствон тайп-тайпнчу кепашка ларам а, синкІам а гайта, искусствон тайп-тайпана кепаш, шен а, кхечу а къаьмнийн кхолларалле а, ламасташ а тІелацадалар, исбаьхьаллин гІуллакхаллин тайп-тайпанчу кепашкахь шен йукъаметтиг гайта кийча хила;

исбаьхьаллин литература йешаран эстетически зеделларг карадерзо.

*Физически кхетош-кхиор, синхаамаш меттахь латторан могашаллин культура кхиор:*

могашчу а, кхерамзачу (шена а, кхечу нахана а) а дахаран кепан бакъонаш гонахарчу хьолехь (цуьнца цхьаьна хаамийн декъехь а) ларйа;

физически а, психически а могашаллица кхоаме хила.

*Къинхьегаман кхетош-кхиор:*

адаман а, йукъараллин а дахарехь къинхьегаман мехаллех кхета.

*Экологически кхетош-кхиор:*

Іаламаца кхоме хила, тексташкахь гайтина йолу адамийн а, дийнатийн а йукъаметтигийн чолхаллех кхета.

*Іилманан довзаран мехалла:*

шен довзаран синкІам, жигаралла, дІадолор, хІума довза лаар довзарехь ша гІуллакх дар кхиор.

## МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМІАШ

### Довзаран универсальни дешаран гІуллакхаш

**Коьрта логически гІуллакхаш:**

объекташ йуста, дустарна бух бало, тексташ йоьшучу хенахь аналогеш хІиттор;

тексташ йоьшучу хенахь толлучу факташкахь низамца догІург а, бІостаналла йерг а карор;

дешаран (практически) декхар листарехь хаамаш цатоар йукъайиллинчу алгоритман буха тІехь билгалдар;

бахьанийн-тІаьхьалонан зІенаш билгалйан, тексташ йоьшучу хенахь жамІаш дар.

**Коьрта талламан гІуллакхаш:**

йукъайиллинчу планаца толлучу объектан башхалла а, объекташна йуккъера зIенаш а (дакъа – дийнна, бахьана – тIаьхьало) билгалйаран чолхе боцу таллам дIабахьар;

жамIаш дан а, бинчу тидаман (зеран, йустаран, классификаци йаран, дустаран, талламан) буха тIехь тоьшаллаш далош тIечIагIдар а.

**Хаамашца болх:**

хаамаш схьаэцаран хьоста харжар;

билгалйинчу алгоритмаца догIуш, йукъадиллинчу хьостанехь даррехь гуш болу хаамаш карор;

хаамаш бакъ йа харц хилар шайна йа хьехархочо йукъайиллинчу талламан кепан буха тIехь талла хаар;

баккхийчийн (хьехархойн а, шайх жоп дала хан кхачазчу дешархойн дай-нанойн (бакъо йолчу векалийн) а гIоьнца Интернетехь хаамаш лахарехь кхерамзалла ларйаран бакъонаш ларйар;

текстан, видео, графически, озан хаамаш дешаран декхарца догIуш кхоллар а, анализ йар а;

хаамаш бовзийта шаьш схемаш, таблицаш кхоллар.

**Коммуникативни универсальни дешаран гIуллакхаш:**

**Хьасене хилар (тIекаре):**

ойла йар довзийта хаийта, йешна тексташ йийцаре йечу хенахь синхаамаш гайтар;

шеца къамел дечуьнга ларам гайта, диалог а, дискусси а дIайахьаран бакъонаш ларйар;

хьежаман тайп-тайпана агIонаш хила тарлуш хилар къобалдар;

шен хьежам нийса а, бух балош а бовзийтар;

хIоттийнчу декхарца догIуш къамелан алар хIоттор.

**Цхьаьна гIуллакхдар:**

стандартни (типови) ситуацехь йукъайиллинчу планированин кепан буха тIехь йоццачу а, йеххачу а хенан Iалашонаш хIиттор (коллективни декхаршкахь дакъалацаре хьаьжжина, индивидуальни), йукъара гIулчаш а, хенаш а дIасейекъна нисйар;

цхьаьнагIуллакхдаран Iалашонах кхетар, цу Iалашоне кхачархьама гIуллакхаш дIахIиттор: ролаш йекъар, барт бар, цхьаьна бечу белхан процесс а, жамIаш а дийцаре дар;

куьйгалла дан, тIедахкарш кхочушдан, ладогIа кийча хилар

гучудаккхар; шен белхан дакъа жоьпалле кхочушдар;

йукъарчу жамӀе ша диллинчу декъан маххадор;

йукъайехкинчу кепашна тӀе а тийжаш, цхьаьна проектни тӀедаххкарш кхочушдар.

**Регулятивни универсальни дешаран гӀуллакхаш:**

**Шаьш шайн вовшахтохар:**

дешаран декхарш листарехь кхиамашка кхачархьама гӀуллакхаш нийса дӀахӀиттор; хаьржинчу гӀуллакхийн тӀаьхьа-хьалхалла дӀахӀоттор.

**Шаьш шайна тергам латтор:**

дешаран гӀуллакхаллин кхиаман/эшаман бахьанаш билгалдахар; гӀалаташ дӀадахархьама шайн дешаран гӀуллакхаш нисдар.

**Предметни жамӀаш**

***1-4-чу классашна урокел арахьарчу гӀуллакхаллин курсехула предметни жамӀаш***

**1-ра класс – курс чекхйаьлча, дешархочунна хуур ду:**

- хаттаршна шайн жоьпаш текстерчу масалшца а, цитаташца а тӀечӀагӀадан, шайна хетачунна бух бало билггал долу тоьшаллаш а далош;
- ладоьгӀначу текстех шайна хетарг ала а, хезнарг, сюжетни суьртийн тӀаьхьа-хьалхаллина йа коьртачу дешнашна тӀе а тийжаш, коьрта хиламаш билгал а бохуш, йуха схьадийца а;
- цадевзачу дешнийн маьӀна контекстаца билгалдан, шайна дешнашца, текстерчу хьехамех пайда а оьцуш, цунах кхетам бала;
- цхьана абзаца чохь, турпалхойн леларш а, хиламаш а логически вовшах а бузуш, бахьанийн-тӀаьхьалонийн зӀенаш каро;
- текстан тайп-тайпана фрагменташ вовшашца йуста, хиламийн бахьанийн а, тӀаьхьалонийн а анализ йан а, говзаран дакъошна йукъара зӀенаш каро а;
- коьртачу дешнех пайда а оьцуш, текстерчу хиламийн тӀаьхьа-хьалхалла нисйан, йешначун цхьалхе план хӀотто.

**2-гӀа класс – курс чекхйаьлча, дешархочунна хуур ду:**

- йешначунна иллюстрацеш йан оьшуш болу хаамаш текстехь лаха, йа шаьш текстан чулацам гойтуш йолу схемаш а, суьрташ а дахка;
- турпалхой а, гонахара хьал а довзуьйтуш долу коьрта хӀуманаш билгалдан, уьш текстана хӀиттийнчу суьрташца (иллюстрацешца) дуста;

- дешнийн нийса маьIна тардинчу маьIнехь къасто, текстехь дустарш, эпитеташ, метафораш а каро, дийцарехь церан меттигах кхета;
- текстехь фактически йа къамелан гIалаташ каро, уьш тодаран некъаш йукъадахка, текст мелла а билггал а, кхеташ а хилийтархьама;
- йешначун темехула хаарш шордархьама а, текстах мелла а кIоргера кхетархьама а тIетоьхначу хьостанашка хьовса (энциклопедешка, дошамашка, справочникашка).

**3-чу классан курс чекхайаьлча, дешархочунна хуур ду:**

- йешначу йа ладоьгIначу текстан буха тIехь барта а, йозанан а жамIаш дан, шайна хетачунна аргументаш а йалош, говзаран чулацамах бух болу ойла а йалош;
- текстехь пейзажаш, интерьер, гуо йа хIуманаш йовзуьйту меттигаш лохуш, церан анализ йан, шайн тидамаш текстаца буста а, довзийтаран билгалонаш йогIуш хилар гучудаккха а;
- персонажаш дашца йовзийтарна йукъара башхаллаш билгалйаха, авторо турпалхочун амал цуьнан леларшца, къамелаца, куьцаца муха гойту тергалдан;
- тестан чулацам къастамца бовзийта: барта а, йозанца а коьрта хиламаш боцца схьабийца, коьрта идеяш а, мехала агIонаш а билгал а йохуш;
- текстан хиламашна йукъара логически, бахьанин-тIаьхьалонан зIенаш, персонажийн леларш вовшаца доьзна хилар а, цара стенна тIе валаво а гучу а доккхуш, билгалйан;
- персонажаш йукъайехкинчу критерешца вовошаца йуста, церан тера хилар а, къасташ хилар а билгалдан, ткъа иштта йешначу говзарехула 4-6 предложени хир йолуш, барта а, йозанан а хаамаш хIитто;
- йешначу говзаран йукъайиллинчу кепе а хьовсуш, логически планаца материалан структура а йеш, йоцца барта йа йозанан обзор хIотто;
- авторо пайдаэцначу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсийн анализ йан (дустарш, эпитеташ, метафораш, олицетворенеш а, кхийолу кепаш а);
- дешнийн маьIнаш билгалдахархьма, фakташ тIечIагIйархьама а, текстах дика кхетархьама а дошамех а, справочни материалех а пайдаэца;
- текстерчу хаамийн структура хIотто: таблицаш, схемаш йа интеллект-карташ дIадуза, говзаречу масалшца шайн жоьпаш тIе а чIагIдеш;
- текстан план хIотто, и маьIнин дакъошка йекъа, йешначу йа ладоьгIначу материалан шуьйра чулацам бийца – барта санна, йозанца а;
- текстан тайп-тайпанчу дакъошкара хаамаш цхьаьнатоха, шайн ойланаш тIечIагйархьама, хетарг бакъдархьама йа шайн хьежамна аргументаш йалорхьама;

- текстехь балийна фактически а, маьІнин а хаамаш вовшашцца буста, церан башхаллаш а, тера хиларш а дустуш;
- текстехь логика, меттан нормаш йа къамелан къегина хилар талхош долу даккхий гІалаташ каро а, нисдан а (Іамийнчу материалан гурашкахь);
- тІетоьхначу справочни литературе, энциклопедешка, Іаматашка, дошамашка хьовса Іемар ду темехула долу хаарш шордархьама а, хаамаш билгалбан а, текстан мелла а кІоргера анализ йан а.

**4-чу классан курс чекхайаьлча, дешархочунна хуур ду:**

- таблица йузуш, текстан хаамийн структура хІотто;
- текстера масалшца жоп тІечІагІдан;
- маьІнин дакъошка йекъна йоцчу текстан план хІотто;
- йешна/ладоьгІна текст йуьззана йа хаьржина схьайийца;
- текстан хиламашна йукъа зІе хІотто;
- текстан тайп-тайпанчу дакъошкара хаамаш цхьаьнатоха, шайн ойланаш тІечІагйархьама, хетарг бакъдархьама йа шайн хьежамна аргументаш йалорхьама;
- текстан хаамаш вовшашцца буста, дуьхьалхІитто;
- йалийнчу темина говзаран чулацамца йогІуш йешначу/ладоьгІначу текстехула барта а, йозанан а аларш хІитто (6 предложенел кІезиг йоцуш);
- текстехь исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсаш схьакаро (дустар, эпитет, метафора, олицетворени);
- барта а, йозанан кепехь а йешначу говзаран боцца а, кхачам боллуш а отзыв кхоллар, йеллачу кепах пайда а оьцуш.
- ойланаш йовзийтарца а, къамелан хотІаца а, къамелан оьздангаллин норманаш ларйарца а доьзна долу маьІне гІалаташ(Іамийначун гурашкахь);
- использовать справочную литературу для получения дополнительной информации.
- хаарш шордархьама, справочни литературах пайда эца.

## ТЕМАТИЧЕСКИ ПЛАНИРОВАНИ

### 1 КЛАСС

| № п/п | Дешаран предметан дакъойн а, теманийн а цIерш | Сахьтийн барам | Программин чулацам | Дешархойн гIуллакхан характеристика |
|---|---|---|---|---|
| ***Модуль 1. Тексте ладугIу, йеша кечло*** | | | | |
| 1.1 | Тексте ладугIу, суьртийн тIаьхьа-хьалхалла билгалйо | 4 | Чулацаман аудировани а, визуализаци а йар кхиор.<br>Суьртийн тIаьхьа-хьалхаллин гIоьнца текстах кхетар.<br>Йешнарг а, ладоьгIнарг а йийцаре йар.<br>Хаттаршна жоьпаш далар а, шаьш хаттарш хIиттор а.<br>Текстерчу диалогийн а, суьртийн а инсценировка йар.<br>Визуальни материалашна а, коьртачу дешнашнашна а тIе а тийжаш, текст йуха схьайийцар | Текст аудиально тIелоцу.<br>Тексте ла а дугIий, цуьнан чулацаман визуализаци йо. Тексте ла а дугIуш, цуьнца цхьаьна цуьнан чулацаман ойла йо, суьртийн тIаьхьа-хьалхаллех пайда а оьцуш. Тексте ла а дугIуш, йуха а дага а лоцуш, цуьнан чулацаман ойла йо, лерсица тIелаьцначул тIаьхьа суьртийн тIаьхьа-хьалхаллех пайда а оьцуш.<br>Тексте ла а дугIий, цуьнан чулцаман ойла йо, хIуманийн |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | суьртех пайда а оьцуш (суьртийн тӀаьхьа-хьалхалло текстан логика гойту). Хьехархочо йешна текст тобанашкахь йийцаре йарехь дакъалоцу. ЛадоьгӀначу текстехула долчу хаттаршна жоьпаш ло. Тобанехь болх: цхьа дош буха а йаздеш, суьртийн киншкаш кхуллу. БӀаьран иэс а, тидам а кхиош долчу ловзаршкахь дакъалоцу. Дешнаш а, дешдакъош а дешарца доьзначу ловзаршкахь дакъалоцу. |
| 1.2 | Диалогийн сурт хӀоттадо | 2 | БӀаьран иэсана а, тидамна а лерина кхиран ловзарш. Байташ а, дешнаш а дешарна ловзарш. Иллюстрацешца а, цхьана дашах лаьттачу а йозанашца а киншкаш йар | Тексте ла а дугӀуш, диалог хилар билгалдо. Текстера диалог йухайуьйцу, коьрта маьӀна лар а деш. |
| 1.3 | Хезнарг дуьйцу | 2 | ЛадоьгӀначу говзарийн буха тӀехь шайн дийцарш кхоллар | Хезначу текстан чулацамца хаттарш кечдо. Хезна йолу текст сюжетни суьртийн серегахула йа хӀуманийн суьртийн тӀаьхьа-хьалхаллехула йухаметтахӀоттайо. Хезна йолу текст коьртачу |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | дешнашца йухаметтахIоттайо. Хьехархочо йа дас-нанас йешначу киншкехула барта дийцар кечдо |
| Модулехула дерриге а | | 8 | | |
| **Модуль 2.** ***Шайн куьйга киншкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту*** | | | | |
| 2.1 | Киншкаш-цуьргашна иллюстрацеш йар | 3 | Киншкашна иллюстрацеш йар | Суьртана бухахь йолчу предложенин чулацаме хьаьжжана, Iаьржа-кIайн суьрташ басаршка дерзадо: предложенехь гайтина билггал болу хаамаш лоху. Иллюстрацина бухахь йолчу предложенин чулацамна тIе а тевжаш, чекх ца йаьлла иллюстрацеш чекхйоху: предложенин чулацаман хаамашна тIе а тевжаш, билггала хаамаш лоху. |
| 2.2 | Киншкаш йо | 2 | Киншкаш йар | Йалийнчу кепаца дийцаран чулацам гойтуш долу суьрташ долу кегий киншкаш а, текстан кегий фрагменташ йолу асанаш а |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | йо: хIора аса суьртаца йузу. Масалан кепаца кегий киншкаш йо, хIора агIонехь йазйина текстан йоцца фрагмент а, иллюстрацина йитина меттиг а йолуш; текстан хIора фрагментана луш къаьстинчу суьртийн-иллюстрацийн гулар йу: хIора иллюстрацина шен меттиг карайо. Тобанан киншка йо: дешнаш а, суьрташ а дусту; предложенеш а, сюжетни суьрташ а дусту; дешнийн гуларех сюжетни суьрташна буха йазйан предложенеш хIиттайо. |
| 2.3 | Киншка цхьаьна йо! | 2 | Хиламийн хан а, меттиг а билгалйар. Цхьаьна киншкаш йар. Ловзар «Художник стенгахь гIалат ваьлла?» | Нийсса текстехь гайтинчу хиламан хан а, меттиг а билгалйо. Текст шаьш йинчу киншканийн оьшучу декъехь дIанисйо. «Художник стенгахь гIалатваьлла?» ловзарехь дакъалоцу. |
| Модулехула дерриге а | | 7 | | |
| ***Модуль 3. Анализ а йеш, текст йухаметтахIоттайо*** | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3.1 | Йоьшу, жамІаш до | 2 | Коьрта предложенеш лахар а, фрагменташ схьакъастор а. Бахьанийн-тІаьхьалонан зІенаш билгалйар. Талламан корматаллаш кхиор | Оьшуш йолу предложени текстехь лоху, билггал йолу кийсак схьайазйо. ЧІагІдар тІечІагІдеш долу масалш лоху. |
| 3.2. | Йоьшу, текстехь масалш лоху | 2 | ТІечІагІдаран масалш лахар. Турпалхойн леларийн а, характеристикийн а анализ | Текстан цхьана абзацехь болчу хааман буха тІехь цхьалхе бахьанин-тІаьхьалонан зІенаш билгалйоху. Билггалчу характеристикина догІуш долу турпалхочун масалш лоху. |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |

***Модуль 4. Цхьанатуху, анализ йо, вовшахтуху***

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 4.1 | Йеша а йоьшуш, хиламийн бахьана билгалдо! | 2 | Текстан дакъошна йуккъера зIенаш билгалйахар.<br>Хиламийн тIаьхьахьалхалла билгалйар а, йовзийтар а.<br>Комплексни ойла йаран кормталлаш кхиор | Хиламийн бахьана хаархьама, текстан тайп-тайпанчу дакъойн фрагменташна йуккъера зIе билгалйоккху. Текстехь бийцинчу хиламийн тIаьхьа-хьалхалла билгалйо, коьртачу дешнех пайда а оьцуш, тестан коьртачу хиламашна лоьмарш а хIиттош. Хиламийн  а, текстерчу персонажийн леларийн а бахьанаш билгалдо. |
| 4.2 | Иштта хIунда нисделла? Леррана йоьшу! | 1 | Персонажийн леларийн бахьанийн а, мотивийн а анализ<br>Хаамех хьелаш довзийтарна а, царах кхеторна а пайдаэцар | Текстерчу хаамах пайда а оьцуш, тIедиллларехь йукъадиллина хьал дуьйцу. |
| Модулехула дерриге а | | 3 | | |
| ***Модуль 5. Текст тойо чулацамна а, хотIана тIехь болх*** | | | | |
| 5.1 | Хааријн дуьненахь детективаш | 2 | Фактически гIалаташ лахар а, нисдар а | Текстехь баккъал а долу гIалаташ лоху. Уьш нисдаран некхаш дуьйцу. |
| 5.2 | Турпалхошна гIиллакхе хила гIо де! | 2 | Къамелан а, стилистически а цхьаьнацадараш нисдар | Текстехь къамелан гIиллакх дохийна меттигаш а лохий, и кхачамбацар дIадаккхаран некъаш дуьйцу. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ***Модуль 6. Шаьш толлу*** | | | | |
| 6.1 | Текст йовза Iема, шаьш толлу | 2 | Шайн жоьпаш масалшца дустар. Тестан коьрта фрагменташ лахар | Текстехула хаттаршна шайн жоьпаш дусту далийнчу масалан жоьпашца. ТIедиллар кхочушдан оьшуш болу хаама чохь болчу текстан фрагменте хьовсу. |
| 6.2 | Тидаме хила Iема. ТIедахкарш толлу. | 1 | Нийса доцург карор а, хаамаш билгалбар а | Шайн жоьпан а, масалан жоьпан а цхьаьнацадар шаьш толлу. |
| Модулехула дерриге а | | 3 | | |
| ***Модуль 7. Йеша хаар мехала хIунда ду: декхарш листа Iема*** | | | | |
| 7.I | Текстан гIоьнца хало листаран агIо лоху | 2 | Текстах дика кхетархьама хьелаш кхоллар | Тобанашкахь бийцаре бо, шайна йеша хаар бахьанехь турпалхошна халачу хьолах хьалхабовла некъ карош болчу текстийн чулацам. Текстехь болчу хаамех пайда а оьцуш, халачу хьолера арабовла некъ карабо. |
| Модулехула дерриге а | | 2 | | |
| ТIаьхьало | | 2 | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ПРОГРАММЕХУЛА САХЬТИЙН ЙУКЪАРА БАРАМ | 33 | | |

**2 КЛАСС**

| ***Модуль 1. Шайн куьйга кинишкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту*** | | | | |
|---|---|---|---|---|
| № п/п | Дешаран предметан дакъойн а, теманийн а цIерш | Сахьтийн барам | Программин чулацам | Дешархойн гIуллакхан характеристика |
| 1.1 | Иллюстрацеш йолу книга кхоллар | 3 | Текстана иллюстрацеш лахар. Визуализацина текстийн масалш лахар. Турпалхойн куьцан а, характеристикийн а анализ. Иллюстрацеш йар а, кийча суьрташ схьахаржар а | Йукъайехкинчу иллюстрацешна йукъара, текстехь йийцинчу деталашца йогIуш, нийсса тера хир йерш хоржу. Текстан фрагменташна иллюстрацеш йо: текстехь буьйцу билггал болу хаам лоху. Исбаьхьаллин текстехь турпалхочун васт довзийтар лоху.<br>Иллюстрацеш хоржу йа шаьш йешначу йа шайна хезначу текстана иллюстрацеш кечйо. Іилманан-гIарайаьллачу текстехь объект йовзийтар лоху. Иллюстрацеш хоржу йа шаьш йешначу йа шайна |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | хезначу текстана иллюстрацеш кечйо. |
| 1.2 | «Вай – архитекторш ду «ХIун йу? Мила ву?» энциклопедин» | 2 | Гайтаман гIирсашца болх баран корматалла кхоллар.<br>Энциклопедеш кечйаран принципаш.<br>Визуальни элементашца эксперименташ | Иллюстрацеш кхолларна мехала долу дешнаш лоху текстехь.<br>Текстана тIе а тийжаш, жима-энциклопедин статьяна иллюстраци кхуллу. «ХIара хIун йу? ХIара мила ву?» иллюстрированни жима-энциклопедина статья кечйо. |
| 1.3 | Дешнех лаьцна киншка кхуллу | 3 | Дешнех пайдаэцарца исбаьхьаллин проекташ.<br>Дешнех лаьцна киншкин агIонаш кечйар.<br>Шатайпа куц дар | Дошаман статья йоьшуш, дош толлу. Проектана хаьржинчу дашан масалш долу предложенеш лоху Iаматашкахь а, классал арахьарчу йешаран киншкашкахь а. Хаьржинчу дашна лерина йолу киншкн агIо исбаьхьаллин кечйо. Кечйинчу агIонан презентацина кечам бо. «Дешнийн киншка» — коллективни проектан жамI – цхьаьана кхочушйечу проектехь дакъалоцу. |
| Модулехула дерриге а | | 8 | | |
| ***Модуль 2. Анализ а йеш, текст йухаметтахIоттайо*** | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| 2.1 | Текстехь дош хIун ала гIерта кхета. | 2 | Коьрта фрагменташ лахар а, билгалйар а. Бахьанийн-тIаьхьалонийн зIенаш билгалйар. ЖамIаш дар | Къамелехь наггахь бен ца нислучу дешнех кхетор лоху текстехь. ДукхамаьIнаш долу дош а, текстехь и лелоран маьIна а вовшашца дусту. Текстехь фразеологизм а лохий, текстан буха тIехь цунан маьIна билгалдо. |
| 2.2 | Йеша а йоьшуш, жамIаш до | 2 | Тестера кIайдаргаш йузар. Хаттаршна анализан элементашца жоьпаш | Текстехь болчу хаамийн буха тIехь цхьалхе жамIаш до. Текстан чулацамехула, шайн цхьалхе а, чолхе доцу а маьIна дан дезачу хаттаршна жоьпаш ло. Абзацехь болчу хаамна тIе а тийжаш, текстера кIайдаргаш дIайузу. |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ***Модуль 3. Вовшахтуху, анализ йо, цхьаьнатуху*** | | | | |
| 3.1 | Хиламийн тIаьхьа-хьалхалла билгалйо, текстан план хIоттайо | 2 | Хиламийн тIаьхьахьалхалла билгалйар. МаьIнин кIайдаргаш дIайузар. Йозанан а, барта а хаамаш хIиттор | Текстехь бийцаре бечу хиламийн тIаьхьа-хьалхалла билгалйо. Текстан хаттаран планехь кIайдаргаш нийсачу логико-маьIнин структурех пайда а оьцуш, дIайузу. Планан пункташ кхуллу. Текстан номинативни планехь кIайдаргаш нийсачу логико- |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | маьӀнин структурица дӀайузу. Планан пункташ кхуллу |
| 3.2 | Іамор а, дустар а | 2 | Турпалхойн амалан коьрта агӀонаш билгалйахар.<br>Персонажаш вовшашца йустар | Говзаран турпалхочун амалан хьаьркаш билгалйо. Йалийнчу критерешца цхьана дийцаран турпалхой вовшашца бусту. |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ***Модуль 4. Текст тойо: чулацамна а, хӀотӀана а тӀехь болх бо*** | | | | |
| 4.1 | Текстехь хаза дешнаш а, дустарш а лоху | 2 | Цхьалхе а, къегина а дерг.<br>"Хаза" дешнаш.<br>Турпалхой кхоллар а, бовзийтар а | Дош нийсачу а, тӀедерзийнчу а маьӀнехь лелоран масалш лоху.<br>Текстехь исбаьхьалилн кепаш йевза (дустарш, эпитеташ).<br>Уьш лелор шен метта хиларх кхетаво (Іамийнчун контекстехь). Текстехь турпалхой а, церан синхаамаш а гайтаран кепаш лоху. |
| 4.2 | Автор стенгахь галваьлла? | 2 | Фактически цхьаьнацадараш нисдар | Текстехь фактически гӀалаташ дуй хьовсуш толлу, хила тарлуш долу нисдарш дуьйцу. |
| 4.3 | Дешнашкахь гӀалаташ лоху | 2 | Дешнийн галморзахаллаш нисйар | Предложенийн а, аларийн а структурехь гӀалаташ лоху, нисдаран шайн кепаш йалайо (Іамийнчун гурашкахь) |
| Модулехула дериге а | | 6 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ***Модуль 5. Текстах кхетаран тIегIанан мах хадабо*** | | | | |
| 5.1 | Текст а къастайо, шаьш а толлу | 3 | Шечун неханчуьнца йукъаметтиг. | Текстехула хаттаршна шайн жоьпаш дусту далийнчу масалан жоьпашца, цуьнца цхьаьна шайн даьржина жоьпаш дусту йалийнчу кепашца а. ДIасатаIарш билгалдоху, церан бахьанаш билгалдо (цхьаьна дийцаре дар дIадахарехь). ТIедиллар кхочушдан оьшуш болу хаам чохь болчу текстан фрагментана тIетийжа. |
| 5.2 | Текст йоьшу, шайн хаттарш талла Iема | 3 | Ойланаш йустар. | Талламан болх дIахьо, толлу. Шайн жоьпашна а, хаттаршна стандартни жоьпашна а йукъахь долу цхьаьнацадар шаьш билгалдоккху. |
| Модулехула дерриге а | | 6 | | |
| ***Модуль 6. Йешаро дешарехь а, хIорадийнан дахарехь а гIо до*** | | | | |
| 6.1 | Текст – вайн гIоьнча!<br>Хало цхьаьна луьсту. | 2 | Хетарг довзийтар а, дийцаре дар а.<br>Хьехар а, хаамаш а лахар.<br>Истореш кхоллар а, ловзор а. | Тобанашкахь бийцаре бо, шайна чохь йеша хаар бахьанехь турпалхошна халонех чекхбовла аьтто хилар гойтучу текстийн чулцамаш. Текстехь болчу хаамах пайда а оьцуш, халачу |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | хьолах хьалхабовла некъ карабо. Іаморан декхарца богІуш болу хаамаш схьаэцархьама, тІетоьхна справочни литературех пайдаоьцу |
| 6.2 | Йешнарг йовзуьйту! | 2 | Критически ойла йар а, шаьш гІуллакх дар а кхиор. | Киншкин чулацамехь лела хаьа чулацамах, билгалдарех, дешхьалхенах а, догІанах а пайда а оьцуш. ЛадоьгІна а, йешна а йолу тесташ йиймцаре йеш дакъалоцу, къамелан этикетан бакъонаш а ларйеш. Йешначу кигшкех лаьцна доцца барта дийцар йаздо. |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ТІаьхьало | | 2 | | |
| ПРОГРАММЕХУЛА САХЬТИЙН ЙУКЪАРА БАРАМ | | 34 | | |

## 3 КЛАСС

| № п/п | Дешаран предметан дакъойн а, теманийн а цIерш | Сахьтийн барам | Программин чулацам | Дешархойн гIуллакхан характеристика |
|---|---|---|---|---|
| **Модуль 1.** ***"Шайн куьйга киншкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту"*** | | | | |
| 1.1 | Мотт таллархой: керлачу дешнийн дошам | 2 | Кхетор оьшуш долу дешнаш а, аларш а билгалдар.<br>Дош тидаран дошамашца а, справочникашца а болх.<br>Кхетораш дIайаздар а, масалш а | «Тхуна хьалха девзаш ца хилла дешнаш» дошам кхолларан кепех пайдаоьцу: шайн маьIна кхетон дезаш долу дешнаш билгалдоху; дош тидаран дошамехь дошаман статья йоьшу, цуьнан чулацаман а, структурин а башхаллаш толлу; киншкин агIонехь дешан лексически маьIна дIайаздо; и дош лелочу предложенийн масалш лоху. Индивидуальни болх: дошам кхоллархьама 3-4 дош схьахоржу, схьахаьржина материал кечйо. |
| 1.2 | Суьрташ долу книга кхоллар. | 3 | Хаамийн визуализаци.<br>Текст а, визуальни васт а дустар.<br>Киншки тIехь интерактивни элементаш | Текстехь меттиг (пейзаж) йуьйцу кийсак лоху, цунна иллюстрацеш лоху йа текстехь |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | кхоллар | меттиг йовзийтаран фрагменташна шаьш иллюстрацеш кечйо. Текстехь интерьер йуьйцу фрагмент лоху, цунна иллюстрацеш лоху йа текстехь интерьер йовзийтаран фрагменташна шаьш иллюстрацеш кечйо. Текстехь турпалхочун протрет лоху. Дешнийн а, визуальни а портреташна йуккъехь цхьаьнацадарш лоху (йалийнчу иллюстрацех пайда а оьцуш). Текстехула хаттарш а, царна жоьпаш а долуш киншкин агIо кхуллу. Текстан фрагментаца хаттарна жоп тIечIагIдо. |
| 1.3 | Текстехь бакъдерг билгалдар: «ХIаъ йа хIан-хIа?» ловзар | 1 | Кхиош долчу ловзаран кепехь тIедахкарш | «ХIаъ йа хIан-хIа» ловзарехь дакъалоцу, текстехь белла хамаш цигахь буй а бац билгалдо. |
| Модулехула дерриге а | | 6 | | |
| ***Модуль 2. Анализ а йеш, текст йухаметтахIоттайо*** | | | | |
| 2.1 | Йоьшу, жамIаш до | | Факташна йуккъера зIенаш йухаметтахIиттор. | Текстехь йалийнчу 2-3 факта йуккъера зIе билгалйо. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Масех фрагментан буха тIехь жамIаш дар.<br>Критически ойлайар кхиор.<br>ТIе ца тоьу хаамаш йухаметтахIиттор. | Текстехь йалийнчу шина фактан буха тIехь цхьалхxе жамIаш кечдо (дешначун/хезначун буха тIехь) |
| Модулехула дерриге а | | 2 | | |
| ***Моуль 3. Цхьанатуху, анализ йо, вовшахтуху*** | | | | |
| 3.1 | Хиламийн тIаьхьа-хьалхалла билгалйо, текстан план хIоттайо | 2 | Хиламийн тIаьхьа-хьалхалла билгалйар а, текстан структурировани а.<br>Барта а, йозанан а хаамаш кхоллар | Йешначу текстехь хиламийн тIаьхьа-хьалхалла билгалйоккху. Текстан маьIнин дакъош схьакъастадо. Планан хIора маьIнин декъана анализ йо. Йешначу йа хезначу текстан цхьана маьIнин декъан чулацам йозанехь бовзуьйту. Йешначу йа хезначу исбаьхьаллин а/йа хаамийн а текстан масех маьIнин декъан чулацам барта йа йозанан аларш хIитторехь бовзуьйту. |
| 3.2 | ХIун стенца доьзна ду: дийцарехь зIенаш лоху вай! | 3 | Бахьанийн-тIаьхьалонийн зIенаш билгалйар.<br>Персонажийн леларийн, ойланийн, синхаамийн анализ.<br>Хьелаш дустаран критереш кхоллар | Исбаьхьаллин текстехь болчу хиламашна а, эпизодашна а йуккъера зIе билгалйо. Текстехь ца хьахийначу хиламийн бахьана билгалдархьама, текстан тайп-тайпанчу дакъошкарчу |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | факташна йуккъера зIе билгалйоккху. Тестан персонажийн леларшна, ойланашна, синхаамашна йуккъера зIе билгалйо. Текстехь буьйцучу хиламаш вовшашца бустаран бух шаьш хоржу. Текстан персонажаш а, церан леларш а дустарна бух шаьш хоржу (масала, терадарехула а, къастамехула а). Хаамийн текстехь болчу тайп-тайпанчу хиламашна йуккъера зIе билгалйоккху: бахьанаш а, тIаьхьалонаш а билгалйо. |
| Модулехула дерриге а | | 5 | | |
| ***Модуль 4. Текст тойо: чулацамна а, хIотIана а тIехь болх бо*** | | | | |
| 4.1 | Дешнашца ловзу: синкIоме дустарш, хаза довзийтар а, хIуманех Iаламатечу кепехь туьйранийн турпалхой хилар лоху | 1 | Исбаьхьаллин гIирсаш билгалбар а, церан анализ а | Текстехь исбаьхьаллин вастхIотторан гIирсаш лоху (дустар, эпитет, олицетворени). |
| 4.2 | Текстехь гIалаташ | 3 | Ойланаш йовзийтарехь гIалаташ карор | Идея гайтарх хьакхалуш |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | лоху | | а, нисдар а.<br>Редактировани йаран а, шаьш талларан а корматаллаш кхиор | текстехь гӀалат далийна меттиг билгалйо (семантически, логически, фактологически, лингвистически а, и этически а). Шайн дешнашца гӀалатан маьӀна дуьйцу (шайн долчу хаарийн гурашкахь). Текст нисйаран кепаш хоржу. Текстехь лоху текстан лингвистически структурехь хьакхалуш долу гӀалат далийтина меттиг (мотт, грамматика, орфографи, пунктуаци). Шайн дешнашца гӀалатан маьӀна дуьйцу (Ӏамийнчун гурашкахь). Текст нисйаран кепаш хоржу. |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ***Модуль 5. Хаамийн критически маххадор а, текстах кхетар Ӏема*** | | | | |
| 5.1 | Тайп-тайпанчу текстийн хаамаш йух-йуххехӀиттабо | 3 | Хетарг а, хьежамаш а бустар.<br>Тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш вовшашца бустар | Цхьана текстехь гайтина шина кепара хетарг вовшашца дусту. Къаьстинчу тексташкахь гайтина ши хьежам вовшашца бусту. Справочникан текстан а, некъан йозанийн а хаамийн фрагменташ вовшашца йусту. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 5.2 | Хаамаш бакъхилар талларан некъах пайдаоьцу | 2 | Хаамаш бакъ хилар таллар. Справочни литературех пайдаэцар | Текстан хаамаш бакъхилар толлу дошаман статьях, энциклопедех, Іаматех пайда а оьцуш. Исбаьхьаллин текстан турпалхочун дешнаш билгалдахархьама оьшучу справочни литературех пайдаоьцу. |
| Модулехула дерриге а | | 5 | | |
| ***Модуль 6. Текстах кхетаран тIегIанан мах хадабо*** | | | | |
| 6.1 | Текстана тIедиллар кхочушдо. Шаьш шайн талла Іема | 3 | Тестах кхетаран мах хадор | Текстехула хаттаршна шайн жоьпаш дусту далийнчу масалан жоьпашца, цуьнца цхьаьна шайн даьржина жоьпаш дусту йалийнчу кепашца а. Даьржинчу жоьпийн мах хадоран критерех пайдаоьцу. ДIасатаIарш билгалдоху, церан бахьанаш билгалдо (тобанехь дийцаре дар дIадахарехь). ТIедиллар кхочудан оьшуш болу хаам чохь болчу текстан фрагментана тIетийжа. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 6.2 | Текстана тӀедиллар кхочушдо. Шаьш толлу | 3 | Цхьаьнацадарийн бахьанийн анализ | Талламан болх дӀахьо, толлу. Шайн жоьпашна а, хаттаршна стандартни жоьпашна а йукъахь долу цхьаьнацадар шаьш билгалдоккху. |
| Модулехула дерриге а | | 6 | | |
| ***Модуль 7. Йеша хааро дешарехь а хӀорадийнан дахарехь а гӀо до*** | | | | |
| 7.1 | Текстан гӀоьнца хало листаран агӀо лоху | 2 | Шайна чохь дешархошна хьалхӀуьттуш йолу халонаш листа гӀо билггал йеша хаaро деш долчу сценарийн проекташ хӀиттор | Тобанашкахь бийцаре бо, шайна чохь йеша хаар бахьанехь турпалхошна халонех чекхбовла аьтто хилар гойтучу текстийн чулацамаш. Текстехь болчу мехалчу хаамах пайда а оьцуш, халачу хьолах хьалхабовла некъ карабо. |
| 7.2 | Йешнарг йийцаре йо | 2 | Йешаран процессе синкӀам кхоллар. Билгалйинчу кепаца догӀуш, йешначу литературни говзарх доцца барта а, йозанан а хетарг кечдар | ЛадоьгӀна а, йешна а йолу тесташ йийцаре йеш дакъалоцу, къамелан этикетан бакъонаш а ларйеш. Йешначу говзарна билгалйинчу кепаца йоцца барта а, йозанан а рецензеш йазйо. |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ТӀаьхьало | | 2 | | |
| ПРОГРАММЕХУЛА САХЬТИЙН ЙУКЪАРА БАРАМ | | 34 | | |

**4 КЛАСС**

| № п/п | Дешаран предметан дакъойн а, теманийн а цIерш | Сахьтийн барам | Программин чулацам | Дешархойн гIуллакхан характеристика |
|---|---|---|---|---|
| ***Модуль 1. Шайн куьйга кинишкаш йо: текст а, иллюстраци а леррана толлу, суьрташца йусту*** | | | | |
| 1.1 | Керлачу дешнийн дошам кхоллар | 2 | "Керлачу дешнийн дошам" йар. Керлачу дешнех пайдаэцаран масалш | «Йоьшучу хенахь Iеминчу керлачу дешнийн дошам» киншка кхолларан кепех пайдаоьцу: дешнаш теманашца доькъу; дош тидаран дошамехь дешан маьIна билгалдо; кнтекстехь а, дош тидаран дошамехь а лешан маьIна дусту; дошамехь делла дешан лексически маьIна дIайаздо; йалийнчу тексташкахь дешнаш лелоран масалш гулдо; схьакъастийна материал кечйо. |
| 1.2 | Проект «Таблица хIоттайо» | 2 | Тестан буха тIехь таблицаш кхоллар. Iилманан-гIарайевллачу тексташца болх | Йешначу Iилманан-гIарайаьллачу материалан |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | буха тIехь таблицаш хIиттайо: текстехь Iилманан хаамаш карабо; хаамна структуировани йаран бух буьйцу; хаамна структуировани йо; таблица кечйо (Iамийнчун гурашкахь а, хенан башхаллаш тидаме эцарца а) |
| 1.3 | Проект: «Тамашийна хиламаш бастар» киншка кхуллу | 3 | Проект «Тамашийна хиламаш бастар»: текстан синкIомечу кийсакашкахь тамашийнчу хIуманийн къайленаш карайо | Хиламах кхетор долчу текстан фрагментехь хаамаш лоху. Киншкин агIо исбаьхьаллин кепехь кечйо. Кечйинчу агIонан презентаци кечйо. «Тамашийна хиламаш бастар» -йукъарчу проектан жамI – йукъара киншка кечйарехь дакъалоцу. |
| Модулехула дерриге а | | 7 | | |
| ***Модуль 2. Анализ а йеш, текст йухаметтахIоттайо*** | | | | |
| 2.1 | Йоьшу, жамIаш до (Йеша а йоьшуш, жамIаш до) | 1 | Текстан хаамех аргументацехь пайдаэцар.<br>Фактешна а, хиламашна а йуккъера зIенаш билгалйахар | Цхьалхе жамIаш кечдо. Текстехь долчу цхьана чIагIдарх кхеторхьама, текстан билггалчу декъера хаамех пайдаоьцу. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Модулехула дерриге а | | 1 | | |
| ***Модуль 3. Цхьаьнатуху, анализ йо, вовшахтуху*** | | | | |
| 3.1 | Йешар а, довзаран дийцарехь факташна йукъахь йолчу уьйрах (зIенах) кхетар а. | 2 | Бахьанийн-тIаьхьалонийн зIенех а, хиламийн тIаьхьа-хьалхаллех а кхетар | Iилманан-гIарайаьллачу текстеь йалийнчу факташна йукъахь йолу зIе билгалйо. Текстан тайп-тайпанчу дакъош йукъара хаамаш чIагIдаран тоьшалла далорхьама цхьаьнатуху. |
| 3.2 | Йоьшу, исбаьхьаллин текстехь хиламаш вовшашца муха боьзна бу къастадо | 2 | Хаамийн анализ а, цхьаьнатохар а. Барта а, йозанан а аларш кхоллар | Исбаьхьаллин текстан авторо бовзийтинчу хиламашна йуккъера вовшашаца зIе билгалйоккху. Билгалйинчу темина барта а, йозанан а аларш хIиттадо, исбаьхьаллин текстан чулцамах пайда а оьцуш (7 предложенел кIеззиг а йоцуш) |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ***Модуль 4. Текст тойо: чулацамна а, хIотIана а тIехь болх бо*** | | | | |
| 4.1 | Дийцарехь хаза алараш лоху: дустарш, къегина довзийтар, къайладаьхьна васташ | 2 | Исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш лахар а, церан анализ а. СуртхIотторан гIирсех кхетар | Текстехь исбаьхьаллин гайтаран гIирсаш билгалбоху (дустар, эпитет, метафора, олицетворени). Текстехь суртхIоттаран-гайтаран меттиг а йовзуьйтуш |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | (Іамийнчу материалан гурашкахь, дешархойн хІума дІалацаран хенан башхалллаш тидаме а оьцуш) |
| 4.2 | Текстехь гІалаташ лоху | 2 | Текстехь гІалаташ карор а, нисдар а | Текстехь чулацамца а/йа къамелан карчамца а гІалаташ дина меттигаш билгалйо. Шайн дешнашца гІалатан маьІна дуьйцу (Іамийнчун гурашкахь). Текст нисйаран кепаш хоржу. |
| Модулехула дерриге а | | 4 | | |
| ***Модуль 5. Текстехь болчу хааман критически маххадо Іема*** | | | | |
| 5.1 | Тайп-тайпана бакъдерш стенца тера ду а, стенца къаьсташ ду а хьовсу | 3 | Тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш вовшаца бустар.<br>Цхьаьнацадараш билгалдар | Йеллачу критерешца цхьана йа масех текстера хаамаш вовшашца бусту. Вовшах къаьсташ хаамаш болчу текстан фрагменташ лоху. Вовшах къаьсташ хаамаш болчу шина текстан фрагменташ лоху. |
| 5.2 | Текстехь хаамийн бІостаналла лоху | 3 | Бакъхиларан мах хадоран критереш кхоллар.<br>Критически ойлайар кхиор | Вовшашна бІостане болу хаамаш чохь болчу текстан фрагменташ лоху. Вовшашна бІостане болу хаамаш чохь болчу шина текстан |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | фрагменташ лоху. Луш болчу текстан хаамашкахь бакъдерг хиларан мах хадоран схьакховдийнчу критерех пайдаоьцу |
| Модулехула дерриге а | | 6 | | |
| ***Модуль 6. Текстах хаамийн критически маххадабо*** | | | | |
| 6.1 | Текстана тIедиллар кхочушдо. Шаьш шайн талла Iема | 3 | Шайн жоьпаш нийсачу жоьпашца дустар.<br>Маххадоран критереш лелор | Текстехула хаттаршна шайн жоьпаш дусту далийнчу масалан жоьпашца, цуьнца цхьаьна шайн даьржина жоьпаш дусту йалийнчу кепашца а. Даьржинчу жоьпийн мах хадоран критерех пайдаоьцу. Цхьаьнацадараш билгалдоху, цхьаьнацадарийн бахьанаш билгалдо (цхьаьна йийцаре йар дIадахарехь). ТIедиллар кхочудан оьшуш болу хаам чохь болчу текстан фрагментана тIетийжа. |
| 6.2 | Текстана тIедиллар кхочушдо. Шаьш толлу | 3 | Цхьаьнацадарийн бахьанийн анализ | Талламан болх дIахьо, толлу. Шайн жоьпашна а, хаттаршна стандартни жоьпашна а йукъахь долу цхьаьнацадар шаьш билгалдоккху. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Модулехула дерриге а | | 6 | | |
| ***Модуль 7. Йеша хааро дешарехь а хIорадийнан дахарехь а гIо до*** | | | | |
| 7.1 | ГIуллакхан маьIнех кхета, текстехь жоп карош | 2 | Йешаре синкIам кхоллар а, догдаийтар а.<br>ТIе ца тоьу хаамаш билгалбахар.<br>Йешаран практически мехалла гайтар | Тобанашкахь бийцаре бо, шайна чохь йеша хаар бахьанехь турпалхошна халонех чекхбовла аьтто хилар гойтучу текстийн чулцамаш. Текстехь болчу хаамах пайда а оьцуш, халачу хьолах хьалхабовла некъ карабо. Практически декхар кхочушдан текстехь хIун тIе ца тоьу билгалдо. |
| 7.2 | Йешнарг йийцаре йо | 2 | Къамелан этикет а ларйеш, йешнарг йийцаре йар.<br>Йешначу киншкех шуьйра дийцар кечдар.<br>Дукхайеза говзарш цхьаьна йийцаре йар | ЛадоьгIна а, йешна а йолу тексташ йийцаре йеш дакъалоцу, къамелан этикетан бакъонаш а ларйеш. Шайн йешаран гуо нийсархошца бийцаре бо. Йешначух лаьцна шуьйра барта а, йозанан а хетарг кечдо. |
| МОДУЛЕХУЛА ДЕРРИГЕ А | | 4 | | |
| ТIаьхьало | | 2 | | |
| ПРОГРАММЕХУЛА САХЬТИЙН ЙУКЪАРА БАРАМ | | 34 | | |